ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№126 (24.876) • 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ



# Къэралым щынэхъыфІхэм ящыщу

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щыІащ Республикэ клиникэ сымаджэщым дохутырхэм я дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр зрашэлІэну и къудамэщІэм икІи щыгъуазэ зищІащ абы щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм. Махуэ гъунэгъухэм абы лэжьэн щІидзэнущ. Илъэгъуахэм я гугъу КъБР-м и Іэтащхьэм щещІ интернетым щиІэ напэкІуэцІым.**

«КЪУДАМЭЩІЭР ящыщщ икІэщІыпІэкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм защІэгъэкъуэным теухуауэ щІыналъэм иІэ ІуэхущІапІэ нэхъыщхьэхэм.

Метр зэбгъузэнатІэ мин 1,2-рэ зыубыд Іуэхущ1апІэр Іыхьищу гуэшауэ щытщ, сымаджэхэм я щытыкІэм елъытауэ къащыдэІэпыкъун хуэдэу.

Къудамэм иІэщ сымаджэм пкърыт узыфэр щызэхагъэкІ пэшхэр: УЗИ, рентген, компьютер томографие, эндоскопие къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІхэр, уІэгъэхэр щапхэ, гужьеигъуэм зэщІиІулІахэр а щытыкІэм къыщраш, операцэ щащІ пэшхэр. Абы Іэмал къитынущ сымаджэхэм зыхуей дэІэпыкъуныгъэр нэсу ягъуэтынымкІэ.

Къимыдэкіэ, нэхъ тынш хъуащ цІыхухэр сымаджэщым и адрей унэхэм гъэІэпхъуэнри. Абы папщІэ ахэр щІыбым щІашынукъым, щхьэ зытелъ зэпрыкІыпІэ яІэ зэрыхъуам и фІыгъэкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ къэралым и щІыналъэхэу икІэщІыпІэкІэ дэІэпыкъуэгъу цІыхухэм ягъуэтыным хуэгъэза иджырей ІэмалхэмI псом япэу щызэтезыухахэм.

Шэч къытесхьэркъым а зэхъуэкІыныгъэхэр медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэу икІи фІагъ лъагэ иІэу цІыхухэм етыным хуэгъэза къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ, ди республикэм щыпсэухэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ хъумэнымкІэ сэбэп зэрыхъунум», - етх КІуэкІуэ Казбек.








# ЗэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ

**КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абдеж унафэ къыщащтащ къыкІэлъыкІуэ зэІущІэр жэпуэгъуэм и 21-м зэхашэну.**

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ «КъБР-м и зэзыгъэкІуж хеящІэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым и 12-нэ Іыхьэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» щыналъэ законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ «УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлІауэ» ФЗ №256-р къызэращтам ипкъ иткІэ.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ и комитетым и унафэщІ Кривко Михаил къызэрыхигъэщамкІэ, законопроектым къыщагъэлъэгъуащ зи гугъу ящІ законым и 12-нэ Іыхьэм и 7-нэ Іыхьэ къуэдзэм щІэрыщІэу зэрыхэплъэжыр, зэзыгъэкІуж хеящІэм и аппаратым и лэжьэкІэр КъБР-м и Правительствэм, щІыналъэм и ХеящІэхэм я советыр и гъусэу, зэригъэбелджылыр.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш ІэнатІэмкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкІэ и комитетым и унафэщІ ТекІушэ Артур тепсэлъыхьащ «ЩІыщІагъ фІыгъуэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым и 41-нэ Іыхьэмрэ «ЖармыкІэхэр зэрырагъэкІуэкІым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 2-нэ Іыхьэмрэ халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа законопроектхэм.

Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Байдаев Сэлихь и гугъу ищІащ «ЦІыхухэмрэ хьэпшыпхэмрэ автомобилрэ тоткІэ лажьэ кълалэ транспорткІэ къешэкІыныр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ» Федеральнэ Законым и 3-нэ, 16-нэ Іыхьэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлІауэ» федеральнэ законым и проектым.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ щІыналъэхэм къикІа жэрдэмхэм



# ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

КІуэ пэтми ІэмалыщІэхэр ди гъащІэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщІэ икІи тынш къытщащІу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Іэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щыпІэ ущыІэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкІэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кІэщІ дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икІи къебгъэхьын папщІэ (уи унэм е пщэгъуэнэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цІэ унэцІэмрэ хэщІапІэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм адэкІи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!



# Къалэм жан зыIэщIэлъ ди Мухьэмэд

**Илъэс 50-м щIигъукIэ ди газетым зи зэфIэкIыр езыхьэлIа журналист нэхъыжь Шал Мухьэмэд IэнатIэм пэрыкIыжу зэрытIысыжым епха «егъэжьэж» зэхуэс щекIуэкIащ «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым.**

ДЭТХЭНЭ Iэщlагъэри къащти, уэ узытеувагъащIэ гъуэгур абы щыпхызыша цIыхум хуэдэу, щапхъэрэ щIэгъэкъуэнрэ пхуэхъу щыIэ къыщIэкIынкъым. Езыр хьэл тыншрэ гуп гъэгушхуэу, тхэн IуэхукIэ дэтхэнэ темэми хуэIэижьу, блэкIари нобэри Iэзэу зэрипхыфу къекIуэкIащ ныбжьыщIэу тхэн щIэзыдза Шал Мухьэмэд. Ауэ гъащIэр лэжьыгъэ къудейуэ зэхэткъым. Псом хуэмыдэу, нэхъыжьым и Iэ щабэмрэ иущиемрэ хуэныкъуэ щIэблэщIэр къыщцыдэкIуэтейм деж. А щхьэусыгъуэ дахэм къыхэкIыу, псоми фIыуэ тлъагъу Шал Мухьэмэд IэнатIэм зэрыпэрыкIыжыр зэрыгупу къыттехьэлъа щхьэкIэ, ар иджы унагъуэм, къуэрылъхухэм, къуажэгъухэм хуиту зэрагъуэтынумкIэ ди гур догъэфI. ЛэжьакIуэ лъэрызехьэ зэрытхэщIым къыдита гукъыдэмыжыр мащIэу игъэщэбащ зи гугъу тщIы зэхуэсым Мухьэмэд хузэхуэтхьэса псалъэ гуапэхэр жетIэну Iэмал зэрыдгъуэтам.

Гупым къыбгъэдэкIыу, Мухьэмэд фIыщIэ псалъэкIэ зыхуигъэзащ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч: «Мухьэмэд, илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ ди газетым ущыIэщ. Абы ипэжкIэ радиом къыщыщIэбдзащ. Дэтхэнэ зыми уелъэн хуэдэу, уи акъылкIи, уи зэфIэкIкIи ноби лэжьыгъэм уполъэщ, зы махуи къанэркъым уи къалэныр умыгъэзащIэу. Куба нэс махуэ къэс укъикIрэ улажьэу, иужькIэ унагъуэм уекIуэлIэжу иджыри къэс укъекIуэкIащ. Иджы унагъуэм тIэкIу укъытхэсмэ нэхъ къэтщтэнущ жаIэу урашэлIэжу аращи, дызэрыпхуэныкъуэнум шэч хэлъкъым, адрей ди япэ ита псоми дазэрыхуэныкъуэм хуэдэу. Сыт хуэдизрэ дигу укъэкIыу щытми, цIыху угъурлыуэ, лэжьакIуэшхуэу, нэхъыщIэми нэхъыжьми задебгъэкIуфущ уи цIэ къызэритIуэнур. Iуэхум я нэхъ гугъур зэфIауду, нэху щыху щыщIэс къэхъуу, ящIар якъутэжрэ щIэрыщIэу ятхыжыну къахуихуэу лэжьащ ди япэ итахэр. Иджы нэхъыжьыфIу ди пащхьэ уиту аращи, узыншагъэ быдэ Алыхьым къуит, Мухьэмэд, уи унагъуэ дахэм илъэс куэдкIэ Тхьэм уащхьэщигъэт, уи щIэблэм я гуфIэгъуэ плъагъуу, куэдрэ ди япэ уитыну дыхуейщ! Пщэдей щыщIэдзауэ лэжьыгъэ IэнатIэм упэрымыту щымти, птхынури, узытетхыхьынури, уи тхыгъэхэр зэрыкIуэцIрыкIынури уощIэри, уи IэдакъэщIэкIхэм дыпэплъэнущ, телефонкIи дызэрыщIэнущ, укъыщыкIуэфIхэм дежи, сыт щыгъуи удигуапэщ».

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI къалэнри зэригъэзащIэм къыхэкIыу, Заурбэч Шал Мухьэмэд иритащ «Илъэс 50-кIэ и гуащIэм щымысхьу IэнатIэм зэрыIутам и щыхьэт щIыхь тхылъ».

«Сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу лIыфI куэд щылэжьащ «Адыгэ псалъэм», уеплъ къудеймэ, уазэрыдэлажьэм уригушхуэу, Мухьэмэди абыхэм язщ, - иухащ и псалъэр Жыласэм. - Мухьэмэд зэрылэжьам нэхърэ мынэхъыкIэу дэтхэнэ зыри фылэжьэфын Тхьэм фищI, мыпхуэдэу псалъэ гуапэ къыфхужаIэу, и чэзу къэсмэ, фытIысыжын хуэдэу».

Шал Мухьэмэд и къуажэгъу, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ, корректор ДыщэкI Соня жеIэ: «Шал Мухьэмэдрэ сэрэ зы къуажэм дыкъыщыхъуащ, си дэлъхум и ныбжьэгъути, дызэкIэлъыкIуэу щытащ. Школым фIы дыдэу щеджащ Мухьэмэд, адрейхэм къахэщу. Экзамен итауэ кIуэжрэ пэт, гъуэгум и ныкъуэр зэпичауэ, къэпщытакIуэхэм яримытыфа жэуапыр къищIэжщ, игъэзэжри яжриIауэ щытащ, апхуэдизкIэ щIэныгъэм хуэщIати. Иджы дызэдолажьэри, къэкIуа нэужь, къуажэ хъыбархэр зэIэпыдох, цIыху гуапэщ, псэ хьэлэлщ».

Хьэщыкъуей Олег Шалым и гъусэу зы пэшым зэрыщIэсым абы и шыфэлIыфэм нэмыщI, и купщIэри къригъэцIыхуащ: «Шал Мухьэмэд цIыху Iэдэбщ, гъэсащ, нэхъыжьыфIщ. ЗэрызэпIэзэрытыр, гупсысэ хэлъу зэрыпсалъэр, дэIэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу зэрыхъур, щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъыр, шыIэныгъэ зэрыхэлъыр лъапIэщ си дежкIэ».

Газетым и теплъэр зэхэзыгъэувэ Дол Марини Мухьэмэд хужиIэн иIэщ: «ЦIыху дыщэ жыхуаIэм хуэдэщ Шал Мухьэмэд, хьэл тынш иIэщ. И гур зэIухауэ, шэрыуэу псалъэу, зэчиишхуэ бгъэдэлъу. Зы псалъэуха уигу къимынэжыну жиIэнукъым. Гупсысэ хэлъщ, гушыIэкIи ещIэ, зи республикэр, зи къэралыр фIыуэ зылъагъу цIыхущ».

Редакцэм къызэрыув лъандэрэ, Мухьэмэд сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къазэрыхуэхъур ягу къагъэкIыжащ журналист нэхъ щIалэхэм.

«Шалым бзэ и лъэныкъуэкIэ зэчиишхуэ бгъэдэлъщ, - жиIащ Къаныкъуэ Анфисэ. - УрысыбзэкIэ тхыгъэ иботри, ипэкIи емыплъауэ, къыIэрыхьа къудейуэ, адыгэбзэкIэ зэредзэкIыф. И кIэм уроплъэжри, зы дагъуэ имыIэу къыщIокI».

«Сыкъыщыува махуэм щегъэжьауэ Мухьэмэд си дежкIэ щапхъэщ, щIэнгъуазэ хьэзырщ. Сыт хуэдэ упщIэкIэ убгъэдыхьэми, Мухьэмэд деж жэуап пыухыкIа щыбгъуэтынущ», - арэзы тохъуэ абы жиIэм Щхьэщэмыщ Изэ.

Шал Мухьэмэд лэжьэн щыщIидза махуэмрэ иджырей зэманымрэ зэрызэрипхым, нобэрей газетымрэ ар цIыхухэм зэралъэIэсымрэ яхуиIэ еплъыкIэм, къинэмыщIхэм щытедгъэпсэлъыхьа интервью мыгувэу газетым къытехуэнущи, фыпэплъэ.

**ЧЭРИМ Мариannэ**.
*Сурэтыр тезыхар* **КЪАРЕЙ Элинэщ**.

# Адэхэр ягъэлъапIэ

**● МахуэщI**

**УФ-м и Президентым 2021 гъэм Iэ зытридза унафэмкIэ, Жэпуэгъуэм и 19-р Адэхэм я махуэу ягъэуvaуэ щытащ икIи илъэс къэс жэпуэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм хуэзэу ягъэлъапIэ.**

МАХУЭЩIЫР къыхалъхьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар унагъуэм и мыхьэнэм, адэм абы щиIэ пщIэм хэгъэхъуэнырщ. Адэр унагъуэмрэ бынымрэ я хъумакIуэу зэрыщытыр, абы Iуэху куэд зэрыпыщIар, жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ зэрыдэлъыр гурыIуэгъуэщ. Сабийхэм я гур утIыпщауэ, гушхуэу, зыщIэхъуэпсым ерыщу хущIэкъуу зыгъасэр адэрщ. Аращ бынунагъуэм щIэгъэкъуэн хуэхъур.

Пэж дыдэу, сабийм и гум хуабэрэ гуапэу къонэ адэм дигъэкIуа зэманыр. Ар и ехъулIэныгъэхэмкIэ гушхуэу, гуфIэу сыт хуэдэ Iуэхури къызэрыдиIыгъар. А псом къадэкIуэу, унагъуэр зыхуей хуэзэу псэунымкIэ жэуап зыхь адэм лэжьыгъэрэ гугъуехьу и фэм дэкIыр мащIэкъым.

МахуэщIыр Iэтауэ щагъэлъэпIэну щIыналъэхэм я программэм хеубыдэ адэмрэ сабийхэмрэ зэщIыгъуу зыкъыщагъэлъэгъуэн хуей спорт, акъылжан зэпеуэхэр, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр. КъищынэмыщIауэ, жыг хасэнущ «Адэм и жыг хадэ» Iуэхум и зы Iыхьэу.

Жэпуэгъуэм и 19-м ирихьэлIэу щIыналъэ радио IуэхущIапIэхэм къатынущ адэхэм яхуэгъэза хъуэхъу кIэщIхэр. Абы папщIэ, и адэм зыхуигъэзэну гупыж зыщIыр я щIыпIэ радиом псэлъэн е яхуэтхэн хуейщ.

Адэм и махуэм и мыхьэнэм теухуауэ егъэджакIуэхэр епсэлъэнущ ныбжьыщIэхэм.

**ФЫРЭ Анфисэ**.

# Налшыкрэ Саратоврэ зэпищIэу

**Саратов къалэм къикIыу автобус Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр Налшык къэкIуэн щIидзащ жэпуэгъуэм 12-м щегъэжьауэ. А тIум я зэхуакум дэт нэгъуэщI къалэхэм ар къыщызэтеувыIэнукъым гъуэгум щытет зэманым кърнуубыдэу.**

РАСПИСАНИЕМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Налшык – Саратов маршрут №7262-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэми автовокзалым къыщежьэнущ щэбэт къэс, пщэдджыжьым сыхьэти 6-м. Саратов и вокзалым ар къытекIынущ тхьэмахуэ махуэ къэс, пщэдджыжьым сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 50-м.

А гъуэгуанэм цIыху къызэрырашэкI транспорт тегъэувэным теухуа Iуэхухэр зи пщэ дэлъахэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ зэпыщIэныгъэм лъэныкъуитIми я фIыгъэ куэд екIынущ. ЖыпIэнурамэ, саратовдэсхэм Iэмал яIэнущ Кавказ Ищхъэрэм и къалэ нэхъ зэIузэпэщу къалъытэхэм ящыщ Налшык нэхъыфIу зрагъэцIыхуну, абы и курорт-хэмрэ санаторэхэмрэ зыщагъэпсэхуну, я нэгу зыщрагъэужьыну. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIхэми Саратов къалэм хуаIэ экономикэ зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэнущ, ди цIыхухэри нэхъ зэрыубыда хъунущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.

# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 18, *щэбэт***

♦**1941 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и япэ Президенту щыта, къэрал лэжьакIуэ, политик Iэзэ **КIуэкIуэ Валерэ**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **ХьэцIыкIу Борис**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емкъуж Лиуан**.
♦**1968 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа, КъБР-м и Парламентым, УФ-м Связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща **Гъурыжь Мадинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 – 15, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 19, *тхьэмахуэ***

♦**Урысейм щагъэлъапIэ адэм и махуэр**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦**1985 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь къулыкъум текIащ. Абы республикэм и унафэр ищIащ илъэс 29-кIэ.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЛIыбекъуэ Алексей**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыгунэ Владимир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 – 15, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 20, *блыщхьэ***

♦**1911 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитхум я депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамболэт**.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Гъэзалий**.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Жыгун Хьэту**.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта Къущхьэ Хъусен.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ Урысейм и консульствэ нэхъыщхьэу Къэзахъстаным щыIэм и вице-консул **Атмурзаев Хьэжымурат**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Хьэжы Руслан**.
♦**1984 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекIужь Заретэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 – 14, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ЩIыхур уи щхьэ еплъытмэ, емыкIу къэпхьынкъым.**

# Гъуэгуанэ кIыхь къызэпызыча Хьэтуей къуажэр

## Анзор Хьэту и къуажэр Тэрч къикIыу Урыху къызэрыIэпхъуэрэ илъэси 175-рэ щрикъум ирихьэлIэу

*Къыщалъхуа къуажэм и блэкIар зыфIэгъэщIэгъуэн, абы ехьэлIа лэжьыгъэ куэд зи къалэмыпэм къыпыкIа цIыху гуащIафIэщ Мамхэгъ Астемыр. И фIыр сIэтынщ, псоми къахэзгъэщынщ жиIэу, тегъэщIапIэншэу зы псалъэ лейуэ пхужиIэнукъым, пхуитхынукъым абы, архивым хэлъ дэфтэрхэр и тегъэщIапIэу, езыр фIыуэ зыщыгъуазэ Iуэхухэр щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ кърихьэ мыхъумэ. Апхуэдэ зы тхыгъэ щIагъуэщ Хьэтуей къуажэм и юбилейм ирихьэлIэу Астемыр редакцэм къыдита лэжьыгъэр. Ди гуапэу тхыдэ напэкIуэцIхэм ящыщ зы Iыхьэф I фыщыдогъэгъуазэ.*

**Тэрч**, **Урыху**, **Шэчэр**, **Лэскэн псыхъуэхэм**, **а псыежэххэр Дигор аузым къыщыдэжым къыщыщIэдзауэ иджырей Май къалэм щиухыжу**, **1822 гъэ хъуху дэсащ Анзорхэ я къуажэу тIощIым щIигъу**. **Генерал Ермоловым и унафэкIэ ахэр полковник Коцаревым зэтригъэкъута иужь (1822)**, **къэнэжа жылэхэр а псыежэххэм я гъунэгъуу тафэхэм щитIысыкIащ**.

«Ведомость исчисления кабардинского народа...» зи фIэщыгъэ архив дэфтэрым къызэрыхэщымкIэ, 1825 гъэм ирихьэлIэу Анзорхэ къахуэнар къуажих къудейт. Абыхэм ящыщт «Урыху псым и Iуфэм Iусыр, лIакъуэлIэш Анзор Хьэту игъэтIысауэ, Псыжь адрыщI щIэпхъуэжа Къазий Къэрэщей пщым и унафэм щIэтар, Хьэту и унагъуэри щыпсэууэ», апхуэдэуи «Тэрч псым и Iуфэм Iусыр, лIакъуэлIэш Анзор Мыхьэмэт-Мырзэ игъэтIысауэ, Жанхъуэт Кушыку пщым и унафэм щIэту, Мыхьэмэт-Мырзэ и унагъуэри щыпсэууэ».

Хьэтурэ Мыхьэмэт-Мырзэрэ зэкъуэшитIым я бынщ. 1825 гъэм щIышылэм и 30-м ирихьэлIэу япэм и ныбжьыр илъэс 22-рэ, етIуанэм ейр 16 хъурт. Архив дэфтэр къэтпщыта куэдым япкъ иткIэ, хуэбгъэфащэ хъунущ а жылэхэм я цIэхэм япэ дыдэу ущрихьэлIэр мы къэтхьа тхыгъэхэр къызыхэтхахэр арауэ. Ахэр ди тегъэщIапIэу жытIэмэ, «**Анзор Хьэту и къуажэ (аул)**», «**Анзор Мыхьэмэт-Мырзэ и къуажэ (аул)» жылэхэм я цIэхэр япэу дэфтэрхэм къызэрыхэщрэ мы гъэм илъэс 200 ирокъу**.

НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, IэщIагъэлI-тхыдэджхэм зы Iэмал убзыхуа гуэри яIэкъым жылэм и «ныбжьыр» кърырахутэу. ГурыIуэгъуэщ зи гугъу тщIы къуажэхэр 1825 гъэм ипэкIи зэрыщыIар, къапщтэмэ, 1822 гъэ хъуху ахэр гъэнэIуауэ зэрыщытар зейхэм я адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я цIэхэмкIэщ, щыпсэуари нэгъуэщI щIыпIэхэращ.

Зи гугъу тщIы дэфтэрыр щызэхагъэува зэманым ирихьэлIэу Анзор Хьэту и къуажэм дэсащ уэркъ лъэпкъыу мыхэр (тхылъым зэритым хуэдэу унэцIэхэр къыдохь, хуэдгъэфащэ я адыгэ жыIэкIэри скобкэм дыдогъэувэ. Апхуэдэу щIэтщIым и щхьэусыгъуэр языныкъуэхэр зэрыщымыIэжырщ, урихьэлIэми урысыбзэ тхыкIэм щыуагъэ зэрыхэтым къыхэкIыу, унагъуэцIэхэм я адыгэ жыIэкIэр къызэрыпхуэмыщIэм е пцIы зэрыхъункIэ хъуным щхьэкIэщ): Тохов (Тохъухэ), Килов (Чылхэ), Аракаев (Аракъейхэ), Тличежев (ЛъыщIэжхэ - иужькIэ Чэлимэтхэ), Гупсешев (Гупсешэхэ), Увыжов (Увыжхэ) (иужьреитIым я мэкъумэшыщIэ бжыгъэр къэгъэлъэгъуащ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, езыхэр нэгъуэщI къуажэ щыпсэурт е жылэм пIалъэкIэ дэстэкъым).

КъыжыIапхъэщ лъэпкъхэр къыщыхатхыкIым уэркъхэм фIэкIа зэрамытхар, адрей лIакъуэхэм ятеухуауэ итыр щхьэ бжыгъэращ.

Анзор Мыхьэмэт-Мырзэ и къуажэм дэсащ мы уэркъхэр: Тличажев (ЛъыщIэжхэ - иужькIэ Чэлимэтхэ), Жинжаков (ЖынжакIэхэ), Тохов (Тохъухэ), Килов (Чылхэ), Умов (Умэхэ), Минашаров (?), Далелов (Дэлэлхэ), Шамаев (Щамейхэ). МэкъумэшыщIэхэр зейуэ къыщыгъэлъэгъуам еплъыту хуэбгъэфащэ хъунущ нэгъуэщI уэркъхэри щыпсэуауэ, псалъэм и хьэтыркIэ, Кодуков (?), Канатоов (?), Тлогуров (ЛIыгъур), Пеков (ПащIэ) унагъуэцIэхэр.

Анзор Бэчмырзэ и къуажэм уэркъыу дэсащ мыхэр: Тешхов (ТIэшхэ), Капачичев (ГуэбэщIыкIхэ), Чилов (Чылхэ), Тохов (Тохъухэ), Ошноков (Iэщнокъуэхэ), нэгъуэщIхэри. Анзор Шорэ ейм: Хатанов (Хьэтанэхэ), Шерегов (Шэрэджхэ), Шагошев (Щхьэгуэшхэ), Мамхегов (Мамхэгъхэ), Аракаев (Аракъейхэ), нэгъуэщIхэри. Анзор Едыдж и къуажэм: Габасиков (ГуэбэщIыкIхэ), Гечилов (?), Кангучуов (Къанщыкъуейхэ), Кудашев (Къудащхэ), Шамеев (Щэмейхэ), Жанов (Жьанэхэ), Таноков (Танокъуэхэ), нэгъуэщIхэри. Анзор Пщымахуэ ейм: Османов (Уэсмэнхэ), Хасимов (?), Ачинчиев (?), Салихов (Салихьхэ), Хажев (Хэжьхэ), Кумыков (Къумыкъухэ), Голов (?), Шогенов (Щоджэнхэ), Дариев (Дарийхэ), Шуов (?), Мамхегов (Мамхэгъхэ), Ягеноков (?), Налуков (?), Церхоев (?), нэгъуэщIхэри.

1832 гъэм Анзор Бэчмырзэрэ Едыджрэ я къуажэхэр адрейхэм яхэшыпсыхьыжащ, иджыпсту Хьэтуейр здэщысым и деж, 1844 гъэм ирихьэлIэу, тIысащ Анзор Сэлим-Джэрий и жылэр, Борыкъуейм къыгуэкIар.

1846 гъэм Къэбэрдейм зекIуэ къэкIуащ Шэшэнымрэ Дагъыстэнымрэ я Iимам Щамилыр, ауэ адыгэхэм зыхуейм хуэдэ дэIэпыкъуныгъэ къыщрамытым, хэкум икIыжащ. Урысей пащтыхьыгъуэм къулыкъу зэрыхуищIэм щхьэкIэ Анзор Хьэту и къуажэр игъэсащ абы. Iимамым и лъэныкъуэ хъуащ уэркъыу 37-рэ, Анзор Мыхьэмэт-Мырзэ я пашэу. Пащтыхь администрацэм къыхилъхьащ Анзорхэ я къуажэхэр Къэбэрдейм и кумкIэ гъэIэпхъуэн, Мыхьэмэт-Мырзэ и жылэр адрейхэм ятегуэшэн хуейуэ. Абы щыпсэу уэркъхэмрэ цIыху щхьэхуитхэмрэ жраIащ пщы Бэчмырзэхэ я къуажэхэм ящыщу зыхуейм Iэпхъуэну. Шэшэным щIэпхъуэжа уэркъхэм ейуэ щыта мэкъумэшыщIэхэм хуагъэлъэгъуащ Брамтэ Хьэблэм (Вольный Аул) Iэпхъуэну, ауэ нэхъыбэм ар ядакъым.

Хъума хъуащ зыхуей къуажэхэм дэтIысхьахэм я унагъуэцIэхэр къыщыхьа дэфтэр, абы ит унэцIэхэри диIэщ, газет тхыгъэм а псор къытхузэщIемыгъэубыдами.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, тыншу ябгынакъым абыхэм я унэхэр. Я жыIэм къемыдаIуэ къуажэм зауэлIхэмрэ къэзакъхэмрэ ебгъэрыкIуэну жраIэу ягъэшына иужьщ абыхэм Iэпхъуэн щыщIадзар. Кавказ линием и Центрым и унафэщI генерал-майор Хлюпиным и хъыбарегъащIэ тхыгъэм мыпхуэдэу щитхыгъат: «... Махуищым къриубыдэу Анзор Мыхьэмэт-Мырзэ и къуажэм зы лъапсэ къыдэнакъым, ахэр къарукIэ хэдгъэзыхьын хуеи хъуакъым...» Апхуэдэ щIыкIэкIэ Къэбэрдейм и картэм 1847 гъэм хэкIуэдыкIащ иджыри зы къуажэ, адыгэщI гъунапкъэр къэкIуэтащ, щIыпIэ нэщIхэр къэзакъ жылэхэмрэ станицэхэмрэ хуит яхуэхъури. Абы щыпсэуахэм я нэхъыбэр Анзор Хьэту и къуажэм дэтIысхьащ.

А илъэс дыдэм и дыгъэгъазэ мазэм зэхагъэуващ Анзорхэ я къуажэхэм я дэфтэрыр: Анзор Тембот и къуажэр Лэскэн Iуфэм Iуст; Анзор Хьэту ейр, ар зейм императорым къулыкъу зэрыхуищIэм къыхэкIыу, пIалъэ гуэркIэ здэщыс Тэрч Iуфэм къыIуанат; Анзор Сэлим Джэрий (Залымджэрий) и жылэр Урыху, Анзорхэ Пщымахуэрэ ХьэтIохъуэщыкъуэрэ яйхэр Лэскэнрэ Шэчэррэ IутIысхьат. А къуажэ псоми дэсыр уэркърэ цIыху щхьэхуиту 217-м я унагъуэхэрт, абыхэм къегъэщIылIа мэкъумэшыщIэхэр хэмыту.

1825 - 1865 гъэхэм къриубыдэу Анзор Хьэту и къуажэм къыдэтIысхьащ уэркъхэу Джэджырэхэ, Чэлимэтхэ, Къуэдзыкъуэхэ, Къудэбердокъуэхэ, Мэремкъулхэ, Науржанхэ, Танэхэ, Танокъуэхэ, Тэрчокъуэхэ, ХьэтIанэхэ, нэгъуэщIхэри. 1850 гъэм Анзор Хьэту и къуажэр къэIэпхъуащ иджыпсту Хьэтуей къуажэр здэщысым и деж. А зэманым абдежым щысар 1844 - 1846 гъэхэм Борыкъуей (иджыпсту Арыкъщ) жылэм къыгуэкIа Анзор Сэлим Джэрий и къуажэ цIыкIурт. Жылэм дэсахэм ящыщ зыкъомым Къэбэрдей ЦIыкIум ягъэзэжащ, адрейхэр Хьэту и къуажэм къыдэнащ. Тэрч къикIыу Урыху къыщыIэпхъуа зэманым ехьэлIауэ гъэр мыпэжу къыщахь къохъу, пщы Эристовым и хъыбарегъащIэм (1849 гъэ, щэкIуэгъуэм и 16) тращIыхьу. Абы итт: «... Анзор Хьэту и къуажэр Шэчэрыпсымрэ Урыхупсымрэ яку дэлъу къыхиха щIыпIэм гъэIэпхъуэн иухащ».

Пэжыр жыпIэмэ, Анзор Хьэту зэрыщымыIэм къыхэкIыу, абы и къуэш Анзор Кушыку Iэпхъуэн Iуэхум хуэпIащIэртэкъым, жылэр здэкIуэн хуей щIыпIэм и гъунапкъэхэр зэрымыгъэнэIуам къыхэкIыу икIи ар щызэфIэкIар илъэс дэкIа иужьщ. Дэ къэдгъэлъагъуэ илъэсыр зэрыхьэкъым щыхьэт тохъуэ Анзорхэрэ Къугъуэлъкъуэхэрэ я щIы Iуэхухэм теухуауэ дзэ поселенэхэмкIэ департаментым и къэхутэныгъэхэм (1853 гъэм накъыгъэм и 3-м) щыщ мы Iыхьэр: «... ЩIыпIэ унафэщIхэм полковник Анзор Хьэту хуагъэлъэгъуащ здэIэпхъуэ хъуну щIыпIэ зыбжанэ икIи 1849 гъэм абы къыхихащ Шэчэрыпсымрэ Урыхупсымрэ я зэхуакур, Анзор Сэлим Джэрий и къуажэр здэщысар икIи 1850 гъэм и жылэр игъэIэпхъуащ...»

**А псом япкъ иткIэ**, **Анзор Хьэту и къуажэр Тэрч къиIэпхъукIыу Урыху (иджыпсту Хьэтуейр здэщысым и деж) къызэрыIэпхъуэрэ мы гъэм илъэси 175-рэ ирокъу**. Ауэ ар Хьэтуейр къызэрыунэхурэкъым, Анзор Хьэту и къуажэр, апхуэдэ фIэщыгъэр иIэу, и нэхъ мащIэрамэ, 1825 гъэ лъандэрэ щыIэщ.

Къуажэр къызэрыIэпхъуэрэ куэд мыщIауэ, полковник Хьэтур Санкт-Петербург кърагъэкIри, Кавказ Корпус Щхьэхуэм къагъэкIуэжащ икIи и жылэм щыпсэууэ генерал-майор хъуху къулыкъу ищIащ. Езым и мэкъумэш IэнатIэ зэригъэпэщыжащ, и адэ къуэшым и къуэ Мыхьэмэт-Мырзэ, зауэм хэту яукIам, и бынхэр Шэшэным кърищыжащ. Александровскэ, Пришибскэ, Котляревскэ, Урухскэ, Змейскэ станицэхэмрэ дзэ жылэхэмрэ щагъэтIысым Анзорхэрэ Къугъуэлъкъуэхэрэ траха щIыхэм къапэ-кIуэ мылъку къыдэхыжыным ерыщу яужь итащ. 1856 гъэм Хьэту зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ, щIы Iыхьэхэр зытрахахэм хуащIэн хуейIауэ къэзымылъытэ щIыпIэ администрацэм и хьэгъэщагъэхэр и гум хуэшэчагъэнкъым. Къуажэ унафэщI къалэныр я пщэ къыдэхуащ и къуэш Кушыкурэ (Урысейм и пащтыхь Николай I фIыуэ ицIыхуу щытащ) и къуэ нэхъыжь штаб-ротмистр Измэхьилрэ.

1865 гъэм пащтыхь администрацэм къыхилъхьэри, къуажэхэр зэгуагъэхьэурэ 93-м нэхъ жылэшхуэу 33-рэ къытрагъэпщIыкIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Анзорхэ я къуажэхэр мыпхуэдэу хъуащ: Борыкъуейр (Арыкъ), Къэбэрдей ЦIыкIум хиубыдэу, 1838 гъэм здэтIысауэ щытам деж къыщынэжащ; Уэсмэн къэралыгъуэм Iэпхъуа иужь, Анзор Тембот и къуажэм щыщу къэнэжар Анзор Хьэту и къуажэм гуагъэхьэри, Хьэтуей фIащащ; адрей къуажэхэр, Анзор Тембот и жылэм щыщу къэнар хэтыжу, Анзор Къейсын и жылэ (иджыпсту Анзореймрэ Лэскэн ЕтIуанэмрэ) хъуащ. 1866 гъэм ирихьэлIэу «Анзорхэ я Къэбэрдейм» («Анзорова Кабарда») и тхыдэр мыпхуэдэщ: щIыпIэшхуэ яIыгъыу Тэрч, Урыху, Лэскэн Iуфэхэм Iуса къуажэ 20-м щыщу къэнар къуажищ къудейщ: Анзор Хьэту и къуажэр (иджыпстурей Хьэтуейр); Анзор Къайсын и къуажэр (Анзореймрэ Лэскэн ЕтIуанэмрэ, Аслъэмырзэ и хьэблэ жиIэу Iыхьэ хэтащ); Борыкъуейр (иджыпсту Арыкъщ).

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, **Анзор Хьэту и жылэм (аул) Хьэтуей къуажэ (селение) зэрыфIащрэ мы гъэм илъэси 160-рэ ирокъу**. Жылэм ехьэлIауэ мы гъэм къыхэбгъэщ хъуну ещанэ бжыгъэ дахэщ ар.

«Хьэтуей» цIэр къуажэм иIащ Совет властыр ягъэуву 1920 гъэм Старэ Урыху фIащыху. **Старэ Урыху цIэр къуажэм зэрыфIащрэ мы гъэм илъэси 105-рэ мэхъу**. Ари зы бжыгъэ дахэщ. Абы емылъытауэ, нэхъыжьхэм яIурылът и фIэщыгъэжьыр. 2004 гъэм и кIэм Старэ Урыху къуажэдэсхэм я жэрдэмкIэ, цIыхубэм къадэгъуэгурыкIуэ ХьэтуеймкIэ зэрахъуэкIыжащ, ар здэщыс щIыпIэр къыхэзыха генерал-майор, Урысейм и императорым и щхьэхъумэхэм я унафэщIу щыта, Николай I къыхуищI пщIэмкIэ, и Iуэху зехьэкIэкIэ ди щIыналъэми къэралми къыщацIыху Анзор Хьэту и щIыхькIэ.

2005 гъэм къуажэм (и Iэтащхьэу щытар Мэремкъул Умарбийщ) щекIуэкIауэ щытащ абы и цIэр зэрахъуэжамрэ Тэрч къызэриIэпхъукIрэ илъэси 155-рэ зэрырикъуамрэ теухуа махуэшхуэ. 2020 гъэм къуажэ администрацэм (и тхьэмадэр ДзыхьмыщI Анзорщ) къыхилъхьат мы щIыпIэм къызэритIысхьэрэ илъэси 170-рэ зэрыхъур яIэтыну, арщхьэкIэ дунейр зэщIэзыщта уз зэрыцIалэм и зэранкIэ гъэзэщIа хъуатэкъым. Абы ехьэлIауэ куэд зэфIагъэкIауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуагъэхьэзырауэ, жылэр зэIузэпэщ щIынымкIэ Iэджэ ялэжьауэ къэнами, блэкIа илъэситхум къриубыдэу яхузэфIэкIар нэхъыбэжщ. Администрацэмрэ къуажэдэсхэмрэ я мурадщ жылэм и тхыдэм ехьэлIауэ тхыгъэм къыщыхэдгъэща бжыгъэ дахэхэр зи лъабжьэ махуэшхуэ зэман гъунэгъум зэхашэнуи, къайхъулIэну си гуапэщ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ ди блэкIар тщымыгъупщэнымкIэ, ди къэкIуэнум лIыгъэкIэ, гуапагъэкIэ, акъылрэ зэфIэкIкIэ дыпегъуэкIыу дыпсэунымкIэ, пщIэшхуэ зиIа генерал-майор Анзор Хьэту къытхуищIар, и фэеплъыр ди гум илъынымкIэ.

*Тхыгъэр адыгэбзэм къригъэзагъэу тедзэным хуэзыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ**.



# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 20

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №11. РОЗЫГРЫШ» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Т/с «ЗДЕСЬ ВСЕ СВОИ» (16+)
**23.00** Д/ф «Никита Михалков. К юбилею» (12+)
**00.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**05.00, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВАСЬКА» (16+)
**22.15** Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
**00.00** Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
**02.40** Х/ф «ЗА ПРЕДЕЛАМИ ЗАКОНА» (16+)
**04.10** Д/с «По следу монстра» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.30** Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Оружие холодной войны». «Полные баки» (16+)
**11.50** Д/с «Москва фронту» (16+)
**12.05, 13.25** Х/ф «ФРОНТ В ТЫЛУ ВРАГА» (16+)
**14.10, 15.05, 17.15** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир» (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ФРОНТ В ТЫЛУ ВРАГА» (16+)
**00.50** Х/ф «ЖАЖДА» (16+)
**02.05** Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)
**03.30** Д/ф «Победоносцы» (16+)
**03.45** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Д/с «Первые в мире»
**07.35** Черные дыры. Белые пятна
**08.15** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.45** Х/ф «ГЛЯДИ ВЕСЕЛЕЙ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.40** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Д/с «Твердыни земли русской»
**13.45** Х/ф «ДОНСКАЯ ПОВЕСТЬ» (16+)
**15.25** «Агора»
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15** Мастера концертной сцены
**18.10** Д/ф «Роман в камне»
**18.40** «Рассказы из русской истории»
**19.45** Главная роль
**20.05** Линия жизни
**21.00** «Сати. Нескучная классика...»
**21.45** Х/ф «Я ШАГАЮ ПО МОСКВЕ» (16+)
**23.05** Д/с «Рассекреченная история»
**23.50** Д/ф «Легендарные замки». «Нойшванштайн»
**02.00** Д/с «Забытое ремесло»
**02.15** Д/с «О времени и о реке»

### МАТЧ!

**06.00** Профилактика на канале с 6.00 до **10.00**
**10.00, 12.25** Новости
**10.05** Футбол. Чемпионат мира. Молодежные сборные. Финал. Трансляция из Чили (16+)
**12.05** «Специальный репортаж» (12+)
**12.30** Есть тема! Прямая трансляция
**13.55** Художественная гимнастика. Альфа-банк. Кубок сильнейших. Финал. Прямая трансляция из Москвы
**16.20** Громко. Прямая трансляция
**17.55** Художественная гимнастика. Альфа-банк. Кубок сильнейших. Финал. Прямая трансляция из Москвы
**18.50** Хоккей. «Динамо» (Москва) - «Локомотив» (Ярославль). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**21.25, 23.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**21.40** Футбол. «Кремонезе» - «Удинезе». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.00** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура

## Гъубж, жэпуэгъуэм и 21

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №11. РОЗЫГРЫШ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗДЕСЬ ВСЕ СВОИ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** «Белая студия. К юбилею Никиты Михалкова»
**03.30** «Малахов» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВАСЬКА» (16+)
**22.15** Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
**00.00** Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
**00.50** Т/с «ТРИ КАПИТАНА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Оружие холодной войны». «Бронированные колесницы» (16+)
**11.50** «По горячим следам» (16+)
**12.05, 13.25** Х/ф «ФРОНТ В ТЫЛУ ВРАГА» (16+)
**14.10, 15.05, 17.15** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ФРОНТ В ТЫЛУ ВРАГА» (16+)
**00.55** Х/ф «ОТРЯД ОСОБОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**02.10** Х/ф «ЖАЖДА» (16+)
**03.25** Д/ф «Хроника Победы» (16+)
**03.50** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Оттепель. В добрый час
**07.35** Д/ф «Легендарные замки». «Нойшванштайн»
**08.25** Х/ф «ГЛЯДИ ВЕСЕЛЕЙ» (16+)
**09.30** Д/с «Строгановка. 200 лет пути к совершенству»
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 23.50** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Д/ф «Легендарные замки». «Нойшванштайн»
**13.55** Оттепель. В добрый час
**14.10** Х/ф «Я ШАГАЮ ПО МОСКВЕ» (16+)
**15.25** Д/ф «Я шагаю по Москве». Летний дождь и его последствия»
**16.10** Д/с «Забытое ремесло»
**16.30** Д/с «Эрмитаж»
**17.15** Мастера концертной сцены
**18.05** Оттепель. В добрый час
**18.20** Д/с «О времени и о реке»
**19.00** Д/с «Строгановка. 200 лет пути к совершенству»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Никита»
**22.00** Х/ф «РАБА ЛЮБВИ» (16+)
**01.00** Мастера концертной сцены
**01.45** Д/ф «Роман в камне»
**02.15** Д/с «О времени и о реке»

### МАТЧ!

**06.00** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**07.00, 09.00, 13.35** Новости
**07.05, 17.15, 22.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** «Эволюция спорта» (12+)
**09.55** Художественная гимнастика. Альфа-банк. Кубок сильнейших. Финал. Прямая трансляция из Москвы
**13.40** Есть тема! Прямая трансляция
**14.55** География спорта (12+)
**15.25** Художественная гимнастика. Альфа-банк. Кубок сильнейших. Финал. Прямая трансляция из Москвы
**17.45** Футбол. «Динамо» (Махачкала) - «Спартак» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**20.00** Футбол. ЦСКА - «Акрон» (Тольятти). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**00.00** Смешанные единоборства. А.-А. Абдулвахабов - А. Багов. АСА. Трансляция из Грозного (16+)
**01.00** «Эволюция спорта» (12+)
**02.00** Стрельба из лука. Кубок мира. Финал. Классический лук. Трансляция из Китая (6+)
**03.55** Новости (0+)

## Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 22

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №11. РОЗЫГРЫШ» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗДЕСЬ ВСЕ СВОИ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВАСЬКА» (16+)
**22.15** Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
**00.00** Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
**00.50** Т/с «ТРИ КАПИТАНА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Оружие холодной войны». «Основной танк» (16+)
**11.50** «Специальный репортаж» (16+)
**12.00, 13.25** Х/ф «МЕРСЕДЕС» УХОДИТ ОТ ПОГОНИ» (16+)
**14.05, 15.05, 17.15** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ПЕРВЫЙ УДАР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «БЕЛОРУССКИЙ ВОКЗАЛ» (16+)
**01.10** Х/ф «ПО ДАННЫМ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА...» (16+)
**02.25** Х/ф «МОРСКОЙ ОХОТНИК» (16+)
**03.40** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ПЕРВЫЙ УДАР» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.30** Д/ф «Легендарные замки». «Верхний Кенигсбург»
**08.25** Х/ф «ГЛЯДИ ВЕСЕЛЕЙ» (16+)
**09.30** Д/с «Строгановка. 200 лет пути к совершенству»
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.05** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Д/ф «Легендарные замки». «Верхний Кенигсбург»
**13.55** Х/ф «РАБА ЛЮБВИ» (16+)
**15.25** Д/ф «Раба любви». Господа, это ошибка!»
**16.30** Моя любовь - Россия!
**17.15** Мастера концертной сцены
**18.20** Д/с «О времени и о реке»
**19.00** Д/с «Строгановка. 200 лет пути к совершенству»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Абсолютный слух
**21.30** Власть факта
**22.10** Х/ф «НЕОКОНЧЕННАЯ ПЬЕСА ДЛЯ МЕХАНИЧЕСКОГО ПИАНИНО» (16+)
**00.10** Д/ф «Легендарные замки». «Верхний Кенигсбург»
**02.10** Д/с «О времени и о реке»

### МАТЧ!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** География спорта (12+)
**07.00, 09.00, 12.55** Новости
**07.05, 11.30, 16.55, 22.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** «Эволюция спорта» (12+)
**10.30** Профессиональный бокс. О. Де Ла Хойя - Б. Хопкинс. Бой за титул абсолютного чемпиона мира. Трансляция из США (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Вид сверху» (12+)
**14.55** Волейбол. «Локомотив» (Новосибирск) - «Динамо-Урал» (Уфа). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. Прямая трансляция
**17.30** Футбол. «Динамо» (Москва) - «Крылья Советов» (Самара). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**20.15** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Оренбург». FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**00.00** Смешанные единоборства. С. Павлович - А. Волков. UFC. Трансляция из Саудовской Аравии (16+)
**01.00** «Эволюция спорта» (12+)

## Махуэку, жэпуэгъуэм и 23

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №11. РОЗЫГРЫШ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 26**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

# «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 20**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм кърииубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 21**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 22**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 23**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 24**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 25**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 26**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм кърииубыдэ хъыбархэр» (12+)

# Щапхъэрэ гъуазэу

● Япэ итахэр

*«Адыгэ псалъэм» щIэх-щIэхыурэ къыхуэтхэ ди щIэджыкIакIуэхэм ящыщщ Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Къардэн Мухьэмэд. Абы и тхыгъэхэмкIэ дегъэцIыху жылагъуэм пщIэ щызиIэхэр, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр я къару емыблэжу езыхьэкIхэр - щIэныгъэлIхэр, мэкъумэшыщIэхэр, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэн IэнатIэм, нэгъуэщIхэм хьэлэлу пэрытхэр. Мухьэмэд и тхыгъэщIэр теухуащ и жылэм и ехъулIэныгъэм хьэлэлу хуэлажьэу щыпсэуа зэщхьэгъусэхэу Къэбардэхэ Iэмурбийрэ Марусэрэ.*

«БАХЪСЭН щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей жылэм щызэхэт «Красная Кабарда» колхозым республикэм пашэныгъэр щиубыду япэ дыдэу мелуанырыбжэ щыхъуа, Iэщ лъэпкъыфI зригъэпэщу абы хъер къыпихыу щыщIидза зэманым ирохьэлIэ Къэбардэ Iэмурбий «КъБАСССР-м щIыхь зиIэ и зоотехник» цIэр къыщыфIащар. «ЛэжьыгъэфI зи щIыбагъ къыдэлъ Къэбардэр зоотехник нэхъыщхьэу илъэс 43-кIэ щыIащ хозяйствэм, цIыхухэм пщIэрэ нэмысрэ къыхуащIу», - жаIэ нобэ а лIым щхьэкIэ. Шыгъу пут дэзмышхами, илъэс 25-кIэ абы дэлэжьа сэ а псалъэхэр зэрыпэжым шэч къытесхьэркъым.

А зэманыращ ди Iэщыхъуэ пашэ Хьэмжу Шамхьун, жэмыш цIэрыIуэ Къаскъул Муслъимэт сымэ Лениным и орденыр къыщыхуагъэфэщар, «КъБАСССР-м и жэмыш нэхъыфI» цIэ лъапIэр Гъут Розэ, Уетхэ Лолэрэ Женэрэ «ЩIыхь» орденыр, Къаздэхъу Билал, Къаскъул Лиуан, Гъут Любэ, зи гугъу сщIы Къэбардэ Iэмурбий сымэ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и «зоотехник» цIэ лъапIэр къыфIащу ВДНХ-м и дыщэ, дыжьын медалхэр къыщахьар. Апхуэдэхэт курыт еджапIэр къэзыухыу комсомол щIалэгъуалэ фермэм жэмышу щылэжьэну япэ кIуахэу ХьэцIыкIу зэкъуэшхэу Урысбийрэ Мысострэ, Шыгъэлыгъуэ КIукIуэ, ЛампIэжьхэ Володярэ Кулисумрэ. Ахэр щапхъэ нэст икIи гъуазэ нэхут жылэм къыдэхъуэ щIэблэм я дежкIэ.

Iэмурбий и адэ Дуф щапхъэ зытепх, дзыхь зэбгъэз хъун адыгэлIу дунейм тетащ. Хэку зауэшхуэм къикIыжа иужькIэ, Дуф къуажэм щызэхэт колхозым хьэлэлу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, хозяйствэм зиужьыжыным, адрейхэм ефIэкIыу зыкъегъэIэтыжыным хуэгъэзауэ лъэкI къимыгъанэу. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэу зэщхьэгъусэхэм щIалиплIрэ хъыджэбзитIрэ зэдагъуэтащ. Ахэр зыхуей хуэгъэзэным гулъытэшхуэ хуащIащ адэ-анэм.

Iэмурбий Тэрч мэкъумэш техникумыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, Iуащхьэмахуэ районым зоотехникыу ягъэкIуащ. А зэманым «Красная Кабарда» колхозым и тхьэмадэу лэжьа Мэлыхъуэ ФуIэдрэ парт организацэм и секретару щыта Шыгъэлыгъуэ Мухьэмэдрэ мурад ящIащ, дауэ хъуми, я жылэм щыщ щIалэщIэр хозяйствэм къэрашэлIэжыну. Апхуэдэуи ящIащ. Къэбардэ Iэмурбий я деж къашэжри, Бахъсэн районым и колхоз нэхъ ин дыдэм и япэ зоотехник нэхъыщхьэу ягъэуващ.

ЩIалэщIэр зыпэрыувар зыщымыгъуазэ IэнатIэтэкъым, ауэ къыгурыIуэрт лэжьыгъэ мытыншыр дагъуэншэу, екIуу гъэзэщIэн зэрыхуейр. Дауи, планыр шэмкIи лымкIи бгъэзащIэу, IэщIэвыщIэхэм, щIэжьейхэм хэщIыныгъэ ямыIэу гъэ тебгъэкIыныр Iуэхушхуэт. Iэщ зехьэным, гъэшхэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр, цы Iуданэ зэхэзэрыхьам хуэдэти, Iэмурбий иужь ихьащ, зы кIапэ гуэр къигъуэту зэхихыжыну. Лэжьыгъэ гугъукIэ гъэнщIа махуэхэм, арати, щIидзащ.

Сыт щыгъуи лэжьакIуэхэм яхэту, фермэхэм кIуэрейуэ, кабинетым щIэсыну зэман имыIэу IэнатIэр дапщэщи ирихьэкIащ Къэбардэм. Ар зи лэжьыгъэр хьэлэлу къезыхьэлIэхэм фIыуэ яхущытт, зыщIезыгъэххэм яхуэпхъашэт. IэщIагъэлIхэм пщэрылъ хуащIхэр жэуаплыныгъэ яхэлъу ягъэзащIэу, фермэхэм я унафэщIхэр гулыцI яIэу Iуэхум бгъэдыхьэу зэтебгъэувэжыныр мытыншми, ар Iэмурбий лъэкIащ зэман кIэщIым къриубыдэу.

«Жэм къэс хуэзэу шэ килограмм минищрэ щитхурэ къыщIыщIэдмышын щхьэусыгъуэ диIэн хуейкъым», - жиIэрти, зоотехник щIалэм лэжьапIэм зэрыуврэ ар и хъуэпсапIэт, апхуэдэ лъагапIэм зеппщытыныр Iуэху джэгуу зэрыщымытыр къыгурыIуэми.

Фермэхэм я лэжьыгъэр зэфIэувэжу хъери къыпыкIыу щыхуежьам, Iэмурбий иужь ихьащ Iэщхэр лъэпкъыфIкIэ зэрихъуэкIыну. Хуэм-хуэмурэ лэжьакIуэ гупри зэтеувэжащ. ЗэгурыIуэу, зэдэIуэжу лэжьэн щIадзэжа нэужь, абыхэм зэхьэзэхуэм къыхураджащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ колхозыр. Илъэсыр иухыу, лэжьыгъэм кърикIуахэр къыщапщытэжам, «Красная Кабарда» колхозым и Iэщыхъуэхэм япэ увыпIэр куейм щиубыдауэ щытащ, жэм къэс хуэзэу шэ килограмм 3000-м щIигъу къыщIашауэ къыщIэкIри.

Бахъсэн щIыналъэм IэщIагъэлIхэр дызэхуашэсауэ совещанэ екIуэкIырти, партым и райкомым и япэ секретарым мыпхуэдэу жиIауэ щытащ: «Красная Кабарда» колхозым и лэжьакIуэхэм щапхъэ къатефх, илъэс къэскIэ абы шэуэ къашым хагъахъуэ зэпытщ. Псом япэу ар зи фIыщIэр зоотехник нэхъыщхьэ Къэбардэращ». Iэмурбий абы щыгъуэ жиIат фIагъ лъагэ зиIэ мэкъумылэрэ Iусыпхъэ нэхъыфIкIэ къызэрагъэпэщмэ, я ехъулIэныгъэхэр нэхъ иныж зэрахуэщIынур.

Зы махуэ гуэрым Iэмурбийрэ сэрэ дежьащ фермэхэм щIымахуэр зэрыщекIуэкIым дыкIэлъыплъыну. ЩытыкIэ емыкIу дихуат дэ тIур, пщIэнтIэпс къызэжэх жэмышхэм даIущIа нэужь: абыхэм я плIэм илъу бидонхэр тхьэщIыпIэм яхьырт. «Дыкъэвгъэгугъат бжьамийкIэ псыр къэфшэну - нобэми ныжэбэми къывошэ», - гукъанэ къытхуащIат абыхэм.

Абы щыгъуэ фермэм дыкъытекIыжри, председателу абы щыгъуэ щыта Шыгъэлыгъуэ Мухьэмэд занщIэу зыхуэдгъэзат. Абы къыгурыдгъэIуат мызэмытIэу зи гугъу тщIа Iэщ комплексыщIэм и ухуэныгъэм икIэщIыпIэкIэ иужь димыхьэу зэрымыхъунур. Ар ди акъылэгъуу щIэддзауэ щытащ жэм 1600-рэ зыщIэхуэну, Iэщыхъуэхэм я къалэ цIыкIур ухуэныр. Ар лэжьакIуэхэр зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщауэ щытынут. Зоотехникыр ухуэныгъэр зэрекIуэкIым ткIийуэ кIэлъыплъырт.





Лэжьыгъэ нэужьым, хабзэ тхуэхъуауэ, Iэщ комплексым колхозым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэр дыщызэхуэсыжауэ председателым дежьэу дыщызэхэст зэгуэрым. Председателыр къыщIыхьэу Iэмурбий псалъэ щритым, абы жиIащ Iэщ комплексыр зыфIэкIыным къэнэжа зэрыщымыIэр икIи къыхилъхьащ Краснодар крайм щащэ «Лебединскэ» жэм лъэпкъыфIхэм хуэдэ комплексыщIэм щIагъэхьэну зэрыщIэхъуэпсыр. «МэкъумылIэу едгъэшхынумкIи дыкъокI, - пищащ абы. - Ар зыIэрыдгъэхьэмэ, япэ увыпIэр шэмкIэ республикэм къыщытхьыну укъызогъэгугъэ, Мухьэмэд». Колхоз тхьэмадэр арэзы хъури, а Iуэхур екIуу зэфIагъэкIауэ щытащ.

А илъэсхэм ди республикэм исакъым «Красная Кабарда» колхозым зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм хуэдэ зиIа: Iэщ комплексым ирашурэ махуэ къэс шэ заводым иригъашэрт шэ тонни 9-м щIигъу. Дэтхэнэ зы жэмми хуэзэу а гъэхэм къыщIашащ шэ килограмм минищ. Лыр-щэ? Илъэс къэс тонн 400 къэралым иратырт! Планыр процент 100-150-кIэ щамыгъэзащIэ абыхэм къахуихуакъым а лъэхъэнэм.

Iэщ комплексым и лэжьакIуэхэм орденху, ВДНХ-м и дыщэ медалу «къыщIахар» пхужыIэнкъым. Абыхэм ящыщащ орден зыхуагъэфэщахэр Къэжэрхэ Кулэрэ Хуржанрэ, Сэбан КIуакIуэ, Хъурзокъуэ Къэрэжан, Куэшмэн Рае, Ахуэмыгъуэт Уэлел, Степан Маржэнэт сымэ. А псори нэхъыбэу и фIыщIэт Iуэху зехьэкIэщIэр лэжьыгъэм тегушхуауэ хэзышащэ Къэбардэ Iэмурбий. ЩIэм и лъыхъуакIуэ зоотехник щIалэм апхуэдэу къигъэсэбэпырт щIэжьейхэм я бжыгъэм хэзыгъахъуэ, я узыншагъэр зыгъэбыдэ, щIэныгъэщIэхэр зи тегъэщIапIэ Iэмал пэрытхэри. Абыхэм я сэбэпкIэ мэлхэм зы илъэсым тIэунейрэ щIэжьей къатауэ, узыншэу псори къэхъуауэ щытащ.

Иджыри къэс си дежкIэ щэхуу къонэ Къэбардэм и шыIэныгъэм и лъабжьэр. Нэхъ щытыкIэ мыхъумыщIэ дыдэми щышынэртэкъым, мыгузавэу бгъэдыхьэрт, ерыщу пэщIэтти, псори къехъулIэрт. Iуей уз шынагъуэр колхоз Iэщым къащыхыхьам щыгъуэ гущIыхьэт жэм лъэпкъыфI дыдэхэм уаIуплъэну. Iэщ дохутырхэм я гъусэу хущхъуэхэр ирихьэлIэу щIидзащ Къэбардэм Iэщым. А зэманым ди зоотехникыр щышхэри зыщигъэпсэхури къыпхуэщIэнутэкъым. Зыпэува узыр IэщIагъэлI емызэшыжхэм ирагъэкIуэтащ, хэщIыныгъэ узыщышынэни хозяйствэм къримыту.

А лъэхъэнэм ди районым къагъэкIуауэ щытащ Налшык педучилищэр къэзыуха егъэджакIуэ хъыджэбз ныбжьыщIэ гуп: Накъэ Женэ, Щыхьалы Женэ, Къэбардэ Таужан, Къылъшыкъуэ КIунэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Сэ сыкъапщтэмэ, псом нэхърэ нэхъ си псэр зыкIэрыпщIар, сигу къинэжар Iэмурбий щхьэгъусэ хуэхъуа Къэбардэ Марусэт. Ар ди класс унафэщIу игъэуваэ щытащ школым и директору лэжьа Шыгъэлыгъуэ Хьэсэн. ХущIегъуэжакъым. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм «класс гугъукIэ» зэджэ дэ гупым тщыщ дэтхэнэми зэман кIэщIым къриубыдэу бгъэдыхьэкIэ, епсэлъэкIэ щхьэхуэ къытхуигъуэтауэ щытащ. Псоми ягъэщIагъуэу, къыкIэрыхуи къытхэмытыжт, унэ лэжьыгъэр зымыгъэзащIэу школым екIуалIи димыIэжт.

Марусэ къыгурыIуат сабийр бгъэсэныр Iуэху нэхъ гугъухэм зэращыщыр, ар дыщэ жыг бгъэкIыным хуэдэу къилъытэу. Сыт хуэдиз зэман, къару ирихьэлIэрэт сабийхэр еджэным дригъэхьэхыным. И гум, и псэм я хуабагъыр школымрэ цIыхухэмрэ яритащ абы. Ислъэмей курыт школ №1-м и директору лэжьа Шыгъэлыгъуэм Марусэ и лэжьэкIэм гу лъитати, лэжьакIуэщIэ къыщищтэкIэ, яжриIэрт Къэбардэм и Iуэху зехьэкIэм кIэлъыплъыну. Пэжу, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ, унэтIакIуэ гумызагъэт Марусэ. Абы гу лъитэрт щхьэусыгъуэ гуэркIэ дэхуэа еджакIуэм и щытыкIэм, нэхъ лейуи абы дэлэжьэрт, дэIэпыкъурт. Ди гум IэфIу къинэжа Марусэ щхьэкIэ абы иригъэджахэм ящыщ куэдым иджыри яжыдоIэ: «Дэ зыгуэр фIыуэ дбгъэдэлъмэ, къыдэхуэлIамэ, фIыщIэ ин абыкIэ иIэщ а цIыхубз гуапэм».

Зэман... Языныкъуэхэм я дежкIэ ар шабзэм хуэдэу блэлъэт, адрейхэм шылъэгум хуэдэу жьажьэу ирахьэкI. Къэбардэм ар зэрыкIуэм гу лъитэртэкъым, сыту жыпIэмэ, ар сыт щыгъуи егъэджэныгъэ Iуэхум куууэ хэтти. Абы и нэIэ щIэт сабий псори къигъэдэIуэфу, зы Iуэхугъуэм хуигъэушыфу, пщIэ, нэмыс, зэгурыIуэныгъэ, ныбжьэгъугъэ я зэхуаку дилъхьэу иригъэджащ Марусэ. Апхуэдэу лэжьащ ар махуэ къэскIэ. Апхуэдэу кIуащ илъэс тIощIыр, щэщIыр, плIыщIыр, щэ ныкъуэр. А зэманым къриубыдэу и лэжьыгъэри и щIэщыгъуэу щытащ Къэбардэр.

Марусэ и урокхэм зэи дыщымакъым: хуиту дызэрыщысыр зыхэтщIэу екIуэкIырт ахэр. АтIэми щIэныгъэфI къыдэзыт ди егъэджакIуэм жиIэм емыдаIуэ, абы пэпсэлъэж къытхэкIакъым. Сабийхэм псэкIэ зыхэтщIэрт абы къытхуиIэ гуапагъэр. Иджы къыдгуроIуэ: ар IэщIагъэм щыщ хьэлтэкъым, атIэ цIыхуфIым и щэнт. Дэри апхуэдэ гурыщIэкIэ дыпэджэжырт ди егъэджакIуэм.

Унагъуэ дахэу зэдэпсэуа Къэбардэхэ Iэмурбийрэ Марусэрэ я бынхэри гъуэгу тэмэм трагъэуващ. Нэхъыжь ХьэIишэт дохутырщ. Куэд щIакъым и лэжьыгъэфIхэм папщIэ «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр къызэрыфIащрэ. Хьэрэбий КъБКъУ-м и тхыдэ факультетыр къиухащ, хьэрычэтыщIэщ, Маринэ экономистщ, и IэщIагъэмкIэ къуажэм дэт псы IуэхущIапIэм щолажьэ. Быным я нэхъыщIэ Заур и адэм и IэщIагъэр къыхихыжащ, IэщIым фIыуэ хещIыкI, ехъулIэныгъэ иIэу мэлажьэ. Нэхъыщхьэращи, Iэмурбийрэ Марусэрэ я бынхэр дунейм тетщ хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу, пэжагъкIэ цIыхум ябгъэдэту.

Зи фэеплъыр нэху хъунхэу Iэмурбийрэ Марусэрэ зыцIыхуу щытахэм, ядэлэжьахэм, иригъэджахэм сыт щыгъуи фIыкIэ я гум илъынущ. Ящыгъупщэнукъым щапхъэрэ гъуазэу яIа а нэхъыжьыфIхэр. Абыхэм я Iуэхущ Iафэ дахэхэр, ята чэнджэщхэр иджыри куэдым ядоIэпыкъу, гъащIэм гугъуехь, лъэпощхьэпо гуэр щрихьэлIэм деж».

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАРДЭН Маритэщ.**

## ПсэупIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ программэм хохьэ

**«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ лажьэ, ущыпсэуну дзыхьщыгъуэджэ хъуа псэупIэхэм щIэсхэр къыщIэгъэIэпхъукIыныкIэ къэрал программэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ. Ар иджыблагъэ жиIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фондым и кIэлъыплъакIуэ советым и тхьэмадэ, а лэжьыгъэр зи нэIэ щIэт Хуснуллин Марат.**

ПРОГРАММЭР хуэунэтIащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэм – жьы хъуа унэхэм щIэсхэр псэупIэщIэхэмкIэ, тыншыпIэ псори зиIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр. УФ-м и вице-премьерым къызэрыхигъэщамкIэ, жьы хъуа псэупIэхэмкIэ фондым Iэмал къарет цIыхухэр къызыщIагъэIэпхъукIахэр здэщыIа щIыпIэм деж унэщIэхэр щаухуэну.

Апхуэдэуи абы жиIащ, ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фондым къэралым и щIыналъэхэм жыджэру лъэIукIэ зэрызыкъыхуагъазэр. НобэкIэ, программэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэм хиубыдэу, щIыналъэ 23-м я лъэIухэм хэплъащ икIи ахэр даIыгъащ. Абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрри икIи сом мелуан 15,8-рэ республикэм къыхуаутIыпщынущ. Ар трагъэкIуэдэнущ ущыпсэуну шынагъуэ зыпылъ псэупIэу къалъытахэм щыпсэухэр абыхэм къыщIэгъэкIыным. Планым зэритымкIэ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 400-м нэблагъэ хъу унэжьхэм щIэс цIыху пщIырыпщI хуэдизыр псэупIэщIэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Иджыпсту екIуэкI лэжьыгъэм хиубыдэу, а программэм ипкъ иткIэ, къэралым и щIыналъэ 68-м гулъытэ хуащIащ. Псори зэхэту абыхэм хуаутIыпщынущ сом мелард 32-рэ икIи, абы и фIыгъэкIэ, Iэмал щыIэщ цIыху мин 50-м нэблагъэ псэупIэщIэхэмкIэ къызэрагъэпэщыну икIи жьы хъуа унэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 900-м нэблагъэ хуит къащIыну.

Абы къыдэкIуэу, ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фондым лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным ехьэлIауэ. Псалъэм папщIэ, ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм ящыщу жьы хъуа псэупIэхэм щIэсхэр унэщIэхэмкIэ къызэзыгъэпэщхэм абы трагъэкIуэда мылъкум и Iыхьэ гуэрхэр хуепшыныж. НобэкIэ апхуэдэ пэхуэщIэхэр къэралым и щIыналъэ 32-м щолажьэ икIи цIыху мин 18-м щIигъум Iэмал ягъуэтащ я псэукIэр ирагъэфIэкIуэну.

ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фондым и унафэщI Купызин Василий зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI щыпIэхэм я гъусэу икIи 2025 - 2030 гъэхэм къриубыдэу, лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, мурад щыIэщ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мелуани 6-м щIигъу зыубыд унэжьхэм щIэс цIыху мин 345-р псэупIэщIэхэмкIэ къызэрагъэпэщыну.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Бзэр мэбауэ псалъэкIэ

**Адыгэм и бзэр, и хабзэр, и тхыдэр, и щэнхабзэр къызэдогъуэгурыкIуэ зым адрейр къыпкърыкIыжу. Анэдэлъхубзэм и дунейм адрей лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэри къепщIэкIыжащ. Аращ лъэпкъыр уардэ зыщIыр, зезыгъэужьыр икIи хэзыгъахъуэр. ЩIы хъурейм щикъухьа адыгэ лъэпкъыр зыхыхьэм къахощ зыIыгъыкIэкIэ, гупсысэкIэ, хабзэ-нэмыскIэ. Адыгэ нэсым и щэн нэхъыфIхэр пхэлъыным зыкъомкIэ холIыфIыхь бзэм и къарур.**

**Ди адыгэбзэм нобэ и щытыкIэм, щIалэгъуалэм ар зэраIурылъым, щIэблэм зыхегъэщIэн зэрыхуейм, а псомкIэ нэхъыжьыIуэхэм яхь жэуапым теухуауэ я псалъэ зэхуэмыдэхэм драгъэдэIуащ, Iэмал зэпэщхэри щапхъэу къагъэлъэгъуащ бзэм и купщIэр зыхэзыщIэхэм.**

**Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Дзасэжь Ларисэ:**



- Бзэр тхыдэ щIэинщ, псалъэкIэ бауэу. Абы къыпкърокI лъэпкъым и хьэл-щэныр, и гупсысэкIэр, и псэр. Бзэ тIурымылъмэ, лъэпкъыу дыщыIэфынукъым. ЗэрытщIэщи, ЮНЕСКО-м ди адыгэбзэр яхибжащ кIуэдыжынкIэ шынагъуэ зиIэ бзэхэм. ДызыIут IэнатIэр гугъу пэтми, дэ Iэмал гуэрхэри диIэщ ди бзэр къедгъэлынымкIэ. Пэжым ухуеймэ, ди фIэщу зетпщытмэ, абы тхуэмыгъэзэщIэн хэлъкъым. Ауэ сыт – дызэкъуэувэн хуейщ абы папщIэ. Дауи щIыи, ди ныбжьым итхэращ абыкIэ жэуап нэхъ къызытехуэр – хэмыкIасэ щIыкIэ, хэкIыпIэу щыIэхэр къэдгъэсэбэпын хуейщ.

***Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ, ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ лъэпкъ центрым и унафэщI Езауэ Мадинэ:***



- СыныбжьыщIэу, телевизоркIэ зыгуэрхэм сыщеплъкIэ, абы къигъэлъагъуэхэм дэ ди лъэпкъыр къыкIэрыхуу, нэхъ хуэмыхуу къыщысщыхъуу щыта зэман къысхуихуащ. Апхуэдэ гупсысэхэр зэрылъабжьэншэр сэ езым гъащIэм къызгуригъэIуэжащ. Дэ ди деж хуэдэу нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ зэхущытыкIэ дахэ зи яку дэлъ нэгъуэщI зы лъэпкъи щыIэкъым. Къытхуэнащ ар, тхэлъщ, хэт сыт жимыIэми. Адыгэм хуэдэу укIытэм мыхьэнэшхуэ езыт, напэр къабзэу зыхъумэф щыIэкъым. ДызытекI мыхъу хабзэхэр тIэкIу ткIийуэ къытщыхъуу гугъу дыщрагъэхьи щыIэщ. Ауэ а гугъуехьым ди псэр егъэнщIыж. Мис ар ди лъэпкъым и къарущ.

***Дэрбзэр, IэпэIэсэ, «Shishman» брендыр зей Шыбзыхъуэ Залинэ:***



- Бзэр сыт?! Ар грамматикэ къудейкъым, дауи. Кууэ зыгуэр хэлъщ. Адыгэбзэр макъыбзэщ, макъ къэси езым и мыхьэнэ иIэжщ – ар ди бзэм и щхьэхуэныгъэхэм ящыщу къызолъытэ. Бзэм къыхощ хабзэщэнхабзи, акъыли, псэи. Бзэуэ щыIэр дахэщ.

***ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и артисткэ пажэ Пащтыкъ (Болэ) Анфисэ:***



- Иджыпсту ди анэдэлъхубзэм и Iуэхур хэплъэгъуэщ. Дэ къедгъэлыну къытщогугъ ар. Сабийм и бзэр тыншу Iэпызыудыфын щхьэусыгъуэ куэди щыIэщ. Псалъэм папщIэ, телефонкIэ зэплъ таурыхъ цIыкIухэр. Абы тету псэлъэн щIадзэ. Урысыбзэр тыншщ, къэпхъуэтэгъуафIэщи, сабийм щIэхыу зрегъащIэ. Сэ сцIыхухэм ящыщу зыгуэрым, «адыгэбзэр сыт зэращIынур ди сабийхэм?» жаIэу зэхэсхмэ, сахуогубжь.

Сэ езыр сыанэщ: щIалитIрэ хъыджэбзрэ диIэщ. Адыгэ анэм жэуапышхуэ щехь лъэпкъым и пащхьэ. Тыншу жысIэркъым абы и къалэнхэр, сэ згъэунэхуащ ар. Ауэ Iэмал сыхуокIуэ. Унэм адыгэбзэкIэ ди бынхэм дазэрыщепсалъэм нэмыщI, пщыхьэщхьэкIэрэ ди бзэмкIэ таурыхъ дыкъоджэ. «УрысыбзэкIэ къысхуеджэ», - жиIэри къызэлъэIуат зы пщыхьэщхьэ гуэрым сабий садым кIуэ ди хъыджэбзыр. «НэхулъэфI укъикI, жей», - жысIэри, тхылъыр зэгуэспIэжати, етIуанэ пщыхьэщхьэм езыр къэлъэIуэжащ, «адыгэбзэми содэ, таурыхъ къысхуеджэ» жиIэри.

***IэпэIэсэ, «MakZa» брендыр зей Мэкъуш-Бырхьэм Заирэ:***



- СызэрыцIыкIурэ сыадыгэпсэу сыкъыдэкIуэтеящ. Тхыдэр сэркIэ лъапIэщ, щэнхабзэр схъумэну сыхуейщ, щIэблэм хабзэ яхэлъмэ согуфIэ. Мис иджы сэ сыхуейщ икIи слъэкI къэзгъэнэнукъым си быным бзэр Iурылъу, хабзэ-бзыпхъэ хэлъу, адыгэ щэнхабзэр илъытэу къэзгъэхъун папщIэ. Апхуэдизу щэнхабзэ телъыджэ дэ къыддокIуэкIри, абы псори къезгъэхъуэпсэнт, зыхезгъэщIэнт, «сыту екIу» къыхужезгъэIэнт!

***Налшык къалэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI АфэщIагъуэ Анзор:***



- ЦIыхур къызыхэкIа лъэпкъым щыщ псом япэу зыщIыр и анэдэлъхубзэрщ. Адыгэ унагъуэ ущапIауэ уи бзэр умыщIэныр сфIэемыкIущ, пэжым ухуеймэ.

Иужьрей илъэсхэм, гу зэрылъыстэмкIэ, ди цIыхухэм адыгэбзэр нэхъ къащтэж. Анэдэлъхубзэр шэрыуэу зыIурылъхэм хуагъэдахэ, бзэм зи гупэ хуэзыгъазэхэр нэхъри трагъэгушхуэ, уи бзэмкIэ упсэлъэным фIыгъуэу хэлъыр нэхъ ялъытэ хъуауэ си гугъэщ.

***«Астра-Сфера» щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым гъэсэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и унафэщI Къэбарт Астемыр:***



- Къуажэдэс адыгэ унагъуэм къыщыхъуам и лъэпкъ тхыдэр гъэщIэгъуэн щымыхъуну си фIэщ хъуркъым. Анэдэлъхубзэм, хабзэ-нэмысым, тхылъым я къалэн ягъэзащIэ. Анэдэлъхубзэращ къызыпкърыкIыжыр ди хабзэри. Сэ тхыдэ щIэныгъэр IэщIагъэ схуэмыхъуатэми, адыгэ лъэпкъым и блэкIар зджынут. Тхыдэр сфIэфI щIэхъуар адыгэ Iуэхум сыдихьэхырти аращ.

Сыт щыгъуи жызоIэ мыр: ди щIэблэр хуэныкъуэщ зыдэплъеин. «ЩIалэгъуалэр зэIыхьащ», жаIэу сфIэфIкъым. ЩIэблэр зэрыщымытыпхъэ хъумэ, щыуагъэ зыщIэр абыхэм ятеплъэкъукI нэхъыжьхэращ. Псалъэм папщIэ, емыкIуу защIу уэрамым щIалэгъуалэ гуп цIыкIу ирихьэлIэIамэ, и щхьэ хужеIэж «зэрымыгъасэ мыхэр» жери, и Iуэху яхимылъхьэу блокI. КъэувыIэу: «Е, щIалэхэ, екIукъым мы фи щытыкIэр», - жызыIэнур дапщэ зэрыхъур? УащIэгубжьэн е бгъэшынэн хуейуи къэслъытэркъым, емыкIум гу лъегъэтэжыпхъэу аращ. Нэхъ пасэм щыIащ апхуэдэ: емыкIу зыщIар нэхъыжь ущиекIэ ягъэукIытэфырт. ЗыфIэлIыкIын нэхъыжь хуэныкъуэщ щIэблэр, пэжым ухуеймэ. Бемырзэ Мухьэдин абы пэджэжу зы усэ хьэлэмэт иIэщ, «Адыгэ лIыжьхэр» жиIэу. ЩIэблэм ядэлэжьэн, зэман ятегъэкIуэдэн, гугъу задегъэхьын, щапхъэ егъэлъагъун хуейщ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

# НэхъыфIхэр къыхах

**• Зэпеуэхэр**

***НэхъапэкIэ хъыбар зэрывэдгъэщIащи, шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ екIуэкIащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, кинорежиссёр, сценарист, продюсер, композитор, уэрэдус цIэрыIуэу щыта Къандур Мухьэдин и фэеплъ дунейпсо литературэ зэпеуэ. «Тхылъ къызэIуха» зэпеуэр къызэригъэпэщащ икIи литератор цIэрыIуэхэр къэпщытакIуэу къыхишэри иригъэкIуэкIащ тхакIуэ, усакIуэ Бэлагъы Любэ.***

ЛЮБЭ зыхуигъэувыжа мурадыр къехъулIащ. Литературэм зигу хузэIухахэр, адыгэбзэкIэ тхэхэр, адыгэхэм папщIэ литературэ IэдакъэщIэкI зиIэхэм я нэхъыфIхэр утыку къришэну, я цIэр дуней псом щигъэIуну арати, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, зэдзэкIакIуэхэр, драматургхэр, публицистхэр хэтащ зэпеуэм. Израилым, Тыркум, Краснодар крайм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэн Республикэм щыщ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр кърагъэхьащ. Гуапэ пщымыхъуу къанэркъым урыс, ермэлы, шэшэн, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэм адыгэхэм усэхэр, Iуэтэжхэр, поэмэхэр зэрытраухуар. Апхуэдэуи зэпеуэм къигъэлъэгъуащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэр къызэрытщIэхъуэр. Абы хэтащ курыт еджапIэм щIэс щIалэгъуалэри.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым я нэхъыщхьэу зэдэлэжьащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, ЩIДАА-м и вице-президент, ЩIэныгъэмрэ гъуазджэмкIэ Петровскэ академием, ТворчествэмкIэ дунейпсо академием, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ тхакIуэ, усакIуэ, сценарист, Урысейм и ТхакIуэхэм, Журналистхэм, Кинематографистхэм я союзхэм, ПЕН-клубым хэт, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и япэ секретарь Василенкэ Светланэрэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтщ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, Адыгейм и литераторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АРИГИ-м и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Къуиикъуэ Асфар, тхакIуэ-публицист, журналист, редактор, лъахэхутэ, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэт, тхылъ тедзапIэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI Котляров Виктор, публицист, зэдзэкIакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм, Кавказ тхакIуэхэм я клубым хэт, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ, КъШР-м и ТхакIуэхэм я союзым, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, тхакIуэ, литературэдж, критик, тхыдэдж, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Серебряные сверчки» журналым и къызэгъэпэщакIуэ, «Литературные знакомства» журналым и редактор нэхъыщхьэ Звонаревэ Лолэ, усакIуэ, тхакIуэ, критик, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт, литературэ консультанту абы щылажьэ Брегман Марие, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Бэлагъы Любэ сымэ.

«Тхылъ къызэIухар» зытеухуар Къандур Мухьэдин къызэринэкIар хъумэнырщ, адыгэ щэнхабзэм зегъэужьынырщ, адыгэ литературэм и пщIэр къэIэтыжынырщ, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм защIэгъэкъуэнырщ. Ди гуапэ хъуащ, тхэн щIэзыдза ди лъэпкъэгъухэм, адыгэбзэр зи гум нэс, зи псэм хэлъу къэтэдж щIалэгъуалэм я тхыгъэхэр къызэрытхуагъэхьар. Нэхъ гуапэж тщыхъуащ хамэ лъэпкъхэм, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэухэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэр къызэрытIэрыхьар. А псоми гугъэ уагъэщI адыгэ литературэм къэкIуэн дахэ зэриIэмкIэ. Псори зэхэту къапщтэмэ, лэжьыгъэ 60-м щIигъу къытIэрыхьащ. Абыхэм хуабжьу набдзэгубдзаплъэу хэплъащ къэпщытакIуэ гупым хэт, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ литератор гъуэзэджэхэр.

КъаIэрыхьэ псоми япэщIыкIэ къеджащ Эксперт гупым хэтхэр. Абыхэм къыхаха лэжьыгъэ 27-м хэплъэжри, текIуахэр ягъэбелджылащ Урысейм, адыгэ зэрыс хэгъэгухэм щыщу бзэм, литературэм телажьэхэм. Нобэ щыщIэдзауэ утыку къыдохьэ, фIым я нэхъыфIу къыхэтха цIыху 15-м я цIэ-унэцIэхэр. Абыхэм яхэтщ усакIуэхэр, тхакIуэхэр, зэдзэкIакIуэхэр, драматургхэр, публицистхэр, дамыгъэ нэхъыщхьэкIэ дгъэлъэпIэнухэр, щIыхь тхылъ зыхуэдгъэфэщэну ныбжьыщIэхэр. Урысейм, адыгэм я тхыдэм, щэнхабзэм, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм пщIэ хуэзыщIхэр, а зэхущытыкIэфIхэр псалъэкIэ къэзыIуэтэфхэр зэрыщыIэр иджыри зэ хьэкъ ищIащ мы зэпеуэм. ФIыщIэ яхузощI си мурадыр къыздэзыIыгъа псоми, къэпщытакIуэ гупым хэтахэми», - жеIэ Любэ.

Урысейм и Президентым и грантыр и щIэгъэкъуэну Бэлагъы Любэ иригъэкIуэкIа дунейпсо зэпеуэр унэтIыныгъэ зыбжанэу гуэшауэ щытащ: прозэ, усыгъэ, зэдзэкIыгъэ, драматургие, публицистикэ. Дэтхэнэ Iыхьэми щынэхъ лъэрызехьэхэр къыхахащ, увыпIэхэр ягуэшащ. ДяпэкIэ я мурадщ абыхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэ къыдагъэкIыну, абы къищынэмыщIауэ, Урысейм и литературэ къыдэкIыгъуэ нэхъ цIэрыIуэхэм къытрадзэнущ къэпщытакIуэхэм нэхъыфу къалъытахэр.

ТекIуахэр 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 14 - 15-хэм Сочэ щагъэлъэпIэнущ. А зэIущIэм утыку къыщрахьэнущ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр иту къыдэкIыну тхылъыщIэри. ЗэIущIэм къеблэгъэнущ хьэщIэ лъапIэхэр, литературэмкIэ дуней псом щыцIэрыIуэ лэжьакIуэшхуэхэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.*




● Телъыджибл

# Артемидэ и тхьэелъэlупlэ



**Артемидэ и тхьэелъэlупlэу Эфес щыlэр Дунейм и телъыджиблым язщ. Азие ЦIыкIум и псыIуфэм нэхъ и гъунэгъуу щыт алыдж къалэ Эфес дэтащ. Япэ тхьэелъэlупlэ нэхъ иныр щаухуар ди эрэм и пэкIэ VI лIэщIыгъуэрщ. Ауэ ар ди эрэм и пэкIэ 356 гъэм Герострат игъэсауэ щытыгъащ. ИужькIэ зэрагъэпэщыжащ, ауэ аргуэру готхэм зэтракъутэжащ.**

ХЪЫБАРХЭМ къазэрыхэщыжымкIэ, Артемидэ Аполлон и шыпхъут, зэтIолъхуэныкъуэт. Алыджхэм я IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, Артемидэ псэ Iуту щIым тет псори и нэIэ щIэтт, фIыуэ илъагъурт, якIэлъыплъырт. Абы хьэкIэкхъуэкIэхэри былымхэри къигъэIэсэрт, удзхэри жыгхэри къигъэкIыфырт. ЦIыхухэри гулъытэншэу къигъанэртэкъым Артемидэ, насыпкIэ яхуэупсэрт, зэрышэхэр зэригъэзэгъырт, сабий зыгъуэтахэм тхьэ яхуелъэIурт.

Абы и цIэкIэ Эфес къалэм и гъунэгъуу цIыхухэм яухуауэ щытащ тхьэелъэIупIэ абрагъуэр. Абы текIуэда ахъшэр зейр Крез пащтыхь къулеижьырт, ар лIа нэужь и къуэм нигъэсыжащ.

Мрамор хужьым къыхэщIыкIа тхьэелъэIупIэ абрагъуэр къалэдэсхэм щалъэгъуам я гур хигъэхъуащ. Ар диным ехьэлIа Iуэхухэм нэмыщI, нэгъуэщIхэри щызэфIагъэкI центр ехьэжьа хъуат.

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

## Сэкуу (хугу гъэлыгъуа)

Хугу лъэсар кхъузанэм тракIутэри, зэкIэрыщэщу хъуху ягъэгъущ. Шыуаным тхъу щахуэ, фIыуэ къагъэплъри, хугур абы иракIутэ, чымчыркIэ зэIащIэурэ тхъуэплъ дахэ хъухукIэ ягъэлыгъуэ. Хугур Iувыщэу шыуаным иракIутэркъым, зэхэлыгъукIынукъыми; мафIэри ин ящIыркъым, мылыгъуэурэ исынущи. Хугу лыгъуар тIэу-щэ щIагъэпщ кхъапIэ къыхэмынэжыхукIи, шыгуным къэкъуалъэу ит шэ щIэмыхум хакIутэ. Абы шыгъу е фошыгъу, щхьэж зэрыфIэфIым хуэдэу, хадзэж. Хугур хакIута нэужь шэр зэ къытрагъэкъуэлъэж, чымчыркIэ зэIащIэурэ. Абы и ужькIэ шыгуныр мафIэм къытрахыжри, и щхьэр тепIауэ сыхьэтищ-плIыкIэ щагъэтщ. Щыта нэужь хугум шэуэ щIэтыр зыщIеф, езыр къэпIэнкIауэ, зэкIэрыщэщу мэхъу. Шыгуныр щIыIапIэ ягъэув. Мыр хуабжьу къэуатщ икIи шхыгъуафIэщ, щашхыр гъэмахуэ шылэрщ. ЦIыхубз, сабий шхыну ябж. Хугу пIэнкIар щашхынум деж и лъабжьэм щIэмыIэбэу пхъэ бжэмышхкIэ е чымчыркIэ къытрах, ар фалъэ иракIутэри, шхурэ шатэрэ щIэкIауэ яшх. Хугу пIэнкIар апхуэдизкIэ къэуатщи, ар зышхар махуэ хуабэ кIыхьым мэжалIэркъым, псы хуэлIэркъым. Шхурэ шатэрэ щхьэж зыхуейм хуэдэу хекIэ.

***Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):*** хугу гъэлыгъуауэ - грамм 260-рэ, шэуэ грамм 900, фошыгъуу грамм 60, тхъууэ - грамм 25-рэ, шхууэ, шатэу узыхуейм хуэдиз.

## Гуэдз хьэжыгъэм къыхэщIыкIа хьэлIамэ цIывынэ

Гуэдз хьэжыгъэр яухуэнщI пIинэ къищIу, и щыгум кумб хуащIри, джэдыкIэ уда, шыгъу зыхэлъ псы хуабэ иракIэри, тхьэвыр быдэфIу япщ. Абы и щхьэр темыгъукIын щхьэкIэ гуэдз хьэжыгъэ тIэкIу траудэ е хъыдан трапхъуэри, дакъикъэ 20-25-кIэ ягъэув, тхьэвыр нэхъ щабэ хъун, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ. ИтIанэ тхьэвыр нэхъ хугъуафIэ ящIыну Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпаупщIри, см 2 и гъумагъыу псыгъуэ кIыхьу яху. Абы г 15-20 хъууэ тыкъыр цIыкIухэр къыпаупщI. КъыпаупщIахэр IэпхъуамбищкIэ тIэкIу хапIытIэурэ къащтэ, псы е лэпс къэкъуалъэ зэрыт шыуаным хадзэри, зэIащIэурэ дакъикъэ 15-16-кIэ ягъавэ. ХьэлIамэ цIывынэр чымчыркIэ къыхахыж, фалъэм иралъхьэри, зэкIэрымыпщIэн щхьэкIэ, тхъуцIынэ е лэпсым щыщ тракIэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ хьэлIамэ цIывынэр тепщэчым иралъхьэ, къазыл е бабыщыл гъэва тралъхьэжри, пщтыру бжьыныху шыпс тракIэж.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** гуэдз хьэжыгъэу - грамм 200, псыуэ грамм 70, зы джэдыкIэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

ЦIывынэр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 1150-рэ, тхъуцIынэу - грамми 10, бжьыныху шыпсу узыхуейм хуэдиз.

*«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● Фэ фщIэрэ?

## Iэнэм тралъхьэ

**Дэ купщIэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кIэтIийхэр егъэкъаб- зэ.**

* * *

**Нэмэзлыкъ ящIыр бжэныфэщ е адыгэ мэл цы пхъашэрщ.**

* * *

**Бысымхъуэж зыщIым чыцI ажэ хуаукIыу щытащ. Абы къикIыр - бысымыр щыпхъуэжакIэ, аращ пхуэфащэр жаIэрти абыкIэ ягъэпудырт.**

* * *

**Адыгэм пIэтIрэжан игъэкIыу щытакъым. Ар ишхмэ, цIыхум и Iэпкълъэпкъым шыгъу дещIэ жаIэрт.**

* * *

**Адыгэ тхьэлъэIум япэ дыдэу Iэнэм тралъхьэ хьэлыуэ, хъыршын, хьэлывэ.**



# Жэпуэгъуэ

Мы фIэщыгъэм гъэм и лъэхъэнэр нэхъыфIу къигъэлъагъуэу къалъытэ. ЖыпIэ хъунущ мы мазэр тхьэлъэIу мазэу къалъытэу щытауэ. Зэрыжылэу къызэдаIэту, жэпуэгъуэм ящIырт Созэрэщ и тхьэлъэIушхуэр. ТхьэлъэIур унагъуэ тхьэлъэIут. Ар щагъэлъапIэр бжьыхьэу гъавэр псори зэщIакъуэжа иужькIэт. СозэрэщкIэ адыгэхэр зэджэр хьэмкIутIей дакъэт, зэкIэщIэкIыкIауэ къудамибл тету. Пхъэ дакъэр къащтэрти, къабзэу ятхьэщIырт. ИужькIэ унэм я нэхъыжьым къищтэрт, абы иужь джэгуакIуэр, пшынауэр, унагъуэм ис псори иувэрти уэрэд жаIэу, пшынэ еуэу бжэм бгъэдыхьэрт. Пхъэ дакъэр зыIыгъ тхьэмадэр бжэм и деж щызэтеувыIэрти жиIэрт: «Созэрэщ, мы бжэр тхуIух». Мыдрейхэри апхуэдэу лъаIуэрт. ИтIанэ бжэр зыгуэрым Iуихырти, псори щIигъэхьэрт. Иджы унэм я нэхъыжьым пхъэ дакъэр утыкум иригъэувэрт, абы уэздыгъэшыхьхэр кIэрыгъэпщIамэ, пигъанэрт. Созэрэщ и пхъэ дакъэм тет къудамэхэм уэздыгъэшыхьу кIэрагъапщIэр елъытат а унагъуэм цIыху бжыгъэу исым. Уэздыгъэшыхьхэм нэмыщI, Пхъэ дакъэм и къудамэхэм кхъуей хьэбыкъуэ IэшкIэ ящIурэ кIэралъхьэрт. А псори зэфIэкIа иужькIэ унагъуэм ис псори пхъэ дакъэм еувэкIырти я щхьэхэр Созэрэщ хуагъэщхъырт. Пхъэ дакъэр къауджыхьырт, тхьэ елъэIурт. ТхьэлъэIур зэфIэкIа иужькIэ псори зэхэтIысхьэжырти шхэрт. Мы тхьэлъэIум джэгукIэ, къафэ, гушыIэ хуэдэхэр, пыщIауэ щыттэкъым. Шэч хэмылъу, ТхьэлъэIум зэхъуэкIыныгъэ куэд игъуэтащ.

Мы мазэм хеубыдэ тхьэшхуэгухьэж тхьэлъэIури. Ар щекIуэкIыр бжьыхьэ мазэу жэпуэгъуэм и пэ махуэхэрщ. Жылэм, уеблэмэ псыхъуэм къуажэу дэсыр зэпэмыжыжьащэмэ, псори зэхыхьэрэ тхьэлъэIушхуэ ящIу аращ, гъэм берычэту къахэхъуам щхьэкIэ Тхьэшхуэм фIыщIэ хуащIу. ТхьэлъэIур щекIуэкIыну тхьэм и губгъуэм цIыхур пщэдджыжь нэмэзым къекIуалIэрт. Нэгумэ Шорэ мыпхуэдэу етхыж: бжьыхьэм, гъавэр зэщIакъуа иужькIэ, япэрей махуэр ехьэжьауэ ягъэтхьэлъэIушхуэрт. ЯпэщIыкIэ Тхьэшхуэгухьэж зэращIым ехьэлIауэ хъуэхъу яIэт. Тхьэм елъэIуа иужькIэ ефэ-ешхэ къызэIуах, мэджэгу, я нэгу зрагъэужь. Тхьэшхуэгухьэжыр зэрекIуэкIыр зы махуэт, абы къыхэкIыу, къафэ, гушыIэхэр нэхъ мащIэт.

Мы тхьэлъэIум къыгуэх имыIэу щыщ пкъыгъуэт шы гъэджэгухэмрэ шу зэпеуэхэмрэ. Мыбы щыгъуэ шэщIауэ шыгъажэ ящIыртэкъым. Ауэ шы джэгукIэхэр нэхъ куэд хъурт. ТхьэлъэIур нэгузыужьу екIуэкIырт. Псом хуэмыдэу къахуэгъэсыртэкъым Тхьэшхуэм щхьэкIэ ящIыну уджыр. Абы псори гуфIэжу хэтт. Мы уджым ухагъэхьэртэкъым Тхьэшхуэр уи фIэщ мыхъумэ, жумарту, хьэлэлу ущымытмэ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хэку зауэшхуэм и зэманым партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щыта ... Зубер. **5**. Псы къэкъуалъэм къыщхьэщех. **7**. Блэм и бзэгу. **8**. ЦIыхухъухэм зэрыжаIэмкIэ, цIыхубзхэм ... яхуэхъумэркъым. **9**. Хьэршым ... нэзи иIэкъым. **10**. Щыгъыныр зыхуей зэрыхуагъазэу унагъуэ къэс яIэ Iэмэпсымэ. **14**. ... и уасэу зы уэстын, хьэмэрэ зы и уасэу ... уэстын? **15**. Зи суд ящIэм къыщхьэщыжыну зи къалэн цIыху. **16**. Диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр имыкIыу жэнэтым ис тхьэIухуд. **17**. Хьэцэпэцэ къахыжар щаIуэкIэ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу хьэуазэм къыщIокI. **19**. АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **21**. Ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **25**. ЩIалэ къамылыфэ. **26**. И чэзум къыщIумычмэ, нащэр ... мэхъу. **27**. Хамэ былым, шы гуартэ езыхужьахэм якIэлъыщIэпхъуэ гуп.

***Къехыу:*** **2**. ..., махуэми шыгум и шэрхъ къутар зыгуэрурэ зэрагъэпцIыжащ. **3**. Ди гъунэгъум мэл ... иIэщ. **4**. А муслъымэн къэралым президентым нэхърэ аятоллар щынэхъыщхьэщ. **5**. Аргъуей зэзрэ ... кхъуейрэ. **6**. Iэпкълъэпкъ зэрытыпIэхэр зэрызыгъэIыгъ, къупщхьэмрэ лымрэ зэпызыщIэ. **8**. ПIэтепхъуэ. **11**. ЩIалэщIэм Iэпкълъэпкъ ... иIэщ. **12**. БгитI зэхуаку. **13**. Куэдрэ щыта махъсымэм и лъабжьэм щIещIэ. **18**. IэлъэщIым и нэзым къыIублэбл ухуэна. **20**. Къамышым нэгъуэщIу зэреджэр. **22**. Нартыху щхьэкIэм къыдидз гъэгъа. **23**. Къурш лъэныкъуэмкIэ къриху жьы щIыIэтыIэ. **24**. КIапсэ къызыхах къэкIыгъэ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ**.

***Жэпуэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. НэхъыфI. **6**. Псапэ. **7**. Зы. **8**. Зытелъ. **10**. КIэ. **11**. Куэд. **16**. Дэ. **17**. ИгъэлIа. **18**. Ет. **19**. Нэхъpэ. **20**. УэфIрэ.
***Къехыу:*** **1**. Нэдым. **2**. Мыузу. **3**. Псалъэ. **4**. ЯпэкIэ. **9**. Тхъэгъуэ. **12**. Iэнэм. **13**. Щихури. **14**. Напэм. **15**. Жейрэ. **16**. Хур. **17**. Хукхъуэ. **19**. ХущIэ. **21**. Бгъэ. **25**. КъуапцIэ. **26**. Гъэужь. **27**. Пхъэр.

